

REPUBLIQUE DU BURUNDI



MINISTRE DE L'AGRICULTURE ET DE L'ELEVAGE

PROGRAMME NATIONAL POUR LA SECURITE  
ALIMENTAIRE ET LE DEVELOPPEMENT RURAL  
DE L'IMBO ET DU MOSO (PNSADR- IM)  
DON GAFSP N°2000000834  
DON FIDA DSF N°2000000833  
PRET OFID N°1604P.

Elaboré par

ACORD BURUNDI



Avec l'appui du Consultant Seth

SINDAYIGAYA

Juillet - Août 2018.

## INYIGISHO ZEREKEYE AMATONGO HAMWE N' IBIDUKIKIJE

### I. IGITABU C'AMATEGEKO AGENGA AMATONGO MU BURUNDI.

#### 1. Ingingo ngenderwako.

Amatongo y'Uburundi agizwe n'amatongo akurikira :  
1° amatongo akoreshwa kuneza ya bose yaba aya Reta,  
ay'amakomine canke ay'amashirahamwe akukira Reta ;

2° amatongo yiganziwe na Reta, ay'amakomine  
n'ay'amashirahamwe ya Reta ;

3° amatongo y'abantu canke ay'amashirahamwe yigenga.

Amatongo amwe muri ayo ashobora kugengwa n'amategeko  
yisangije ayakingira, nk'amatongo ari mu bibanza bikingiwe.

#### 2. Ivyerekeye ububasha ku matongo.

Ububasha kw'itongo bwegu ni ububasha bwo kurikoresha ico  
nyeneryo ashaka ata nkomanzi, kiretse ibibuzwa  
n'amategeko canke ububasha uwundi muntu afise kuri iryo  
tongo.

Ingabanyabubasha ni umuzigo ushirwa kw'itongo canke  
inyubakwa y'umuntu canke ishahamwe kugirango uwundi  
abikoreshe kandi bimugirire akamaro.

Ingabanyabubasha iva kuri kamere k'ahantu, uko amategeko  
abitunganya canke ku masezerano ya bene amatongo.

Hihwejwe uko ibintu biri, ingabanyabubasha ishobora kuba  
kamere, iyashinzwe n'amategeko canke n'amasezerano.

#### 3. Amatongo aganzwa n'Igihugu.

Amatongo yiganziwe na Reta ategerezwa gupimwa,  
gushingirwa akarimbi, guhabwa inomeru ku rutonde  
rw'ishushanyo ry'amatongo ari mugihugu kandi akandikwa  
n'ibisata bijejwe kwandika no gushingura impapuro  
ndangatongo ku rwego rw'igihugu.

Abafise ububasha bwogutanga amatongo yiganziwe na  
Reta, kuyatiza canke kugira ayandi masezerano ayerekeye  
hisunzwe ibitegekanijwe n'iri bwirizwa ni aba bakurikira :

1°Umushikiranjanji ajejwe ivyerekeye amatongo iyo ari  
itongo ritari iryo mu gisagara rifise uburinganire  
butarenza amahegitari mirongo ibiri n'atanu;

2°Umushikiranjanji ajejwe ivyerekeye itunganywa  
ry'ibisagara iyo ari itongo ryo mu gisagara rifise uburinganire  
butarenza ihigitari imwe ;

3°Umukuru w'Igihugu, abicishije mw'itegeko kandi bibanje  
kwihwezwa n'Inama nshikiranjanji kuvyerekeye amatongo  
ari mu murwi wa kabiri n'uwa gatatu.  
Nta mutegetsi n'umwe ashobora gutanga canke gutiza itongo  
rya Reta ritanditswe kuko bica biba impfagusa.

#### 4. Amatongo y'abantu n'amashirahamwe yigenga.

Ububasha kw'itongo bushobora kwerekanwa :

- n'urupapuro ndangatongo rutangwa n'uwujejwe kwandika  
no gushingura impapuro ndangatongo kurwego rw'igihugu ;  
-n'urupapuro ndangatongo rutangwa n'igisata kijejwe  
kwandika no gushingura impapuro ndangatongo mw'ikomine  
rwemeza ko iryo tongo ryamye ari iryo umuntu umwe canke  
ari iry'isangi, hakurikijwe imigenzo y'ico gihe y'aho hantu  
hamwe n'ico itongo ryagenewe.

**Itohoza rya Komine ryerekeye amatongo (Ingingo393-  
396).**

Urupapuro ndangatongo rwo mw'ikomine ntirushobora  
gutangwa umurwi wo ku mutumba ujejwe ivyerekeye  
amatongo utabanje guhinyuza uko ibintu bimeze, imbibe  
z'itongo n'uko ryifashe.

Umurwi wo ku mutumba ujejwe gutohozwa ivyerekeye amatongo ugizwe n'aba bakurikira (**Ingingo ya 394**) :

- Uwuserukira ubutegetsi bw'ikomine agenwa n'ubwo butegetsi bwisunze ko yegereye umutumba vyerekeye akaban'umukuruw'umurwi ;
- umukuru w'umutumba canke uwumuserukira ;
- babiri mu batowe kumutumba ;
- abantu batatu bazwi ko ari intungane, batorwa mu banyagihugu kandi bazineza amatongo y'aho hantu.

-Umukozi w'igisata kijejwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo mw'ikomine ni we aba umwanditsi w'umurwi mu gihe c'ugushika kw'itongo. Ariko, ntabubasha afise bwo kuja mu bafata ingingo.

#### **5. Ivyerekeye ugusohora abantu mu matongo yabo ku neza ya bose (411- 437).**

Umuntu afise ububasha bw'ukwiganzira itongo bivuye ku rupapuro ndangatongo rwo ku rwego rw'igihugu, urupapuro ndangatongo rwo mw'ikomine, ku ruhusha rwo kuba mw'itongo rutangwa n'ubutegetsi canke ububasha kw'itongo buvuye ku migenco y'igihugu mu vyerekeye guhanahana amatongo, Reta irashobora kubumwaka ku neza ya bose, ikabukoresha yo nyene ubwayo canke ikabuha ishira hamwe ryayo rikora ku neza ya bose habanje gutangwa umuzibukiro bikwiranye.

#### **6. Amategeko agenga imyonga (Ingingo 438- 451).**

Imyonga ishobora gufatwa :

- nk'amatongo ya Reta akorehwa kuneza ya bose ;
- amatongo yiganziwe na Reta ;
- amatongo yiganziwe n'abantu canke amashirahamwe.

Imyonga ya Reta yaba iyikorehwa kuneza ya bose canke iyo Reta yiganzira ntishobora na gato gutangwa. Imyonga iri mu matongo yiganziwe na Reta ikorehwa gusa habaye amasezerano y'ukuyikorehwa vy'imfata kibanza ariko ntibirekuwe ko itangwa (**Ingingo ya 450**).

## **II. GITABU C'AMATEGEKO AGENGA IBIDUKIKIJE MU BURUNDI.**

Amategeko agenga ibidukikije ateganywa yuko ivyerekeye gukingira no kubungabunga ibidukikije, kurunganwe rwubu n'urwo muri kazoza, ari **ibwirizwa ntayegayezwa** kuri Reta, ku ma Komine, ku mashirahamwe yose, n'umuntu uwariye wese, arangurira imirimo mu gihugu c'Uburundi.

Ayo mategeko araba gukingira no kubungabunga ivyerekeye ibidukikije vyose : **abantu, amazi, inzuzi, ibiti, amashamba, ibitungwa, ibikoko, akayaga keza, isi (ibiyiriko n'ibiyirimo)**.

Ubutegetsi bwose busabwe kwigisha no guhimiriza abantu bose bo mu gihugu kugira bashobore kwitwararika cane ivyerekeye gukorehwa no kubungabunga rusangi iterambere rirama, harimwo n'ibidukikije.

Ubutegetsi busabwe gushiraho ingingo n'intumbero vyotuma abantu bashobora gutanga ivyiyumviro n'impanuro mu ngingo zifatwa mu vyerekeye ibidukikije, cane cane mu vyerekeye ukubungabunga isi ndimwa hamwe n'imyonga, ivyerekeye amashamba hamwe n'ibanza bikingiwe.

Ivyerekeye gukingira no gukorehwa neza ubutunzi kama :

**-Isi n'ibiyirimo muni** vy'ubutunzi birakingiwe kubera intambanyi zishobora guturuka ku gutituka canke gukorehwa cane.

Ugukingira isi ndimwa bifatiye kw'isuri y'imvura n'ibwirizwa ry'ibidukikije, haba kuri Reta, ku mashirahamwe, no ku muntu wese. Ingingo zirashobora gufatwa kugira iyo ntumbero ishitswe, ku neza ya bose, igakurikizwa n'uwo wese akorehwa itongo.

**-Amazi** : mu bidukikije harimwo kandi n'inzuzi, n'imyonga, hamwe n'amazi y'invura atemba aja muri izo nzuzi, ingomero, hamwe n'amazi ava mu mahinguriro.

**-Akayaga**: Birabujijwe guturira no gushira mu kirere ibintu vy'ivyotsi vyotuma haba icuka kibi mu kirere ; kandi ivyo biteganyijwe urugero rudashobora kurengwa.

**-Amashamba** : amashamba ni itunga rusangi. Kubera ivyo, ategerezwa gukingirwa, kandi agakorehwa hisunzwe ingaruka zishobora kuba ku bidukikije vyo mu Burundi. Itunganywa n'ikorehwa ry'amashamba ya Reta n'amakomine ategerezwa gukorehwa hisunzwe intumbero yemewe n'ubutegetsi bujewe amashamba, hamwe n'iri bwirizwa.

Amashamba yaba aya Reta canke aya abigenga ategerezwa gukingirwa kugira ntihagire icoza kiyahungabanya, canke kiyonona, haba kubarima uko bidakwiye, haba guturira, haba k'uburagiro burengeje urugero, canke indwara z'ibiti, canke kwinjizamwo ubundi bwoko bw'ibiti butamenyerewe.

**-ibibanza kama bikingiwe hamwe n'binyabuzima**: Iyo hari impamvu zidasanzwe zo kubungabunga ibibanza kama kubera bigeramiwe n'ibikorwa bimwe-bimwe vy'abantu, harashobora gufatwa ingingo yuko agace canke akarere k'igihugu gashirwa mu bibanza bikingiwe, nk'akarorero k'amashamba cimeza.

Mu kurangiza ntitwokwibagira kwibukanya yuko muri iki gitabu c'amategeko agenga ibidukikije, harimwo ingingo zitari zike zerekeye ibihano bifatirwa abatubashe ayo mategeko (ingingo za 133 gushitsa kuri 160). Aha twotanga akarorero nko : kubaturira imisozi canke amashamba ; abaca ibiti bitandukanye mu mashamba ; abonona imigende yatunganyijwe ku neza ya bose, hamwe n'ibindi.

**IVYIBA VYIZA N'UKO IZI NYIGISHO TWOZIGANIRA, TUKAZISANGIRA N'ABANDI, N'ABATASHOBYE KUZA MU NYIGISHO, KUGIRA NABO BABIMENYE, HANYUMA BIZOTUGIRIRE AKAMARO TWESE! AHO NIHO HARI ITERAMBERE RIRAMA !**